

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Média sastra nyaéta basa. Dina kahirupan masarakat Sunda, karya sastra nu sumebar téh bisa ditepikeun ngaliwatan basa lisan atawa basa tulisan. Salasahiji karya sastra nu sumebarna dina basa tulisan nyaéta carita pondok (carpon). Nilik kana wangun eusina, karangan carita pondok kaasupna kana sastra sampeuran, lantaran ayana sabada sastra Sunda kapangaruhan ku sastra kulon. Dumasar kana périodisasi nu disusun ku Yus Rusyana, carita pondok kapanggih dina mangsa kaopat (1900 – 1945). Carita pondok munggaran dina sastra Sunda nyaéta *Dogdog Pangréwong* karya G. S. nu ditulis taun 1930 (Ruhaliah, 2019). Beuki ka dieu, beuki réa pangarang anu medalkeun carita pondok, boh nu dikumpulkeun tuluy dibukukeun jadi buku kumpulan carpon ti hiji pangarang, boh nu dikumpulkeun dina buku kumpulan carpon beunang sababaraha pangarang (antologi).

Hanna Djumhana Bastaman atawa disingket H. D. Bastaman salaku salasahiji pangarang Sunda nu medalkeun buku kumpulan carpon taun 2016. Judulna *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara*. H. D. Bastaman tapis pisan ngagambarkeun kahirupan dina unggal caritana. Kahirupan nu diébréhkeun dina carpon ngawengku hubungan manusa jeung lingkungan pergaulan hirup kumbuh, hubungan jeung papada manusa, hubungan manusa jeung dirina sorangan, sarta hubungan manusa jeung Pangéran. Dina buku kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara*, ditulis sapuluh carita (Bastaman, 2016), dina mangsa nu béda-béda nyaéta hiji carita ditulis dina taun 2003; hiji carita ditulis dina taun 2010; opat carita ditulis dina taun 2012; dua carita ditulis taun 2013; jeung dua carita deui ditulis dina taun 2014.

H. D. Bastaman dibabarkeun di Padahérang taun 1939. Ti bubudak geus aya karep jeung resep kana nulis, kelas opat SR karangan munggaranna dimuat dina *Sipatahunan*, koran Sunda. Nincak kelas genep, karanganana dimuat dina majalah budak, kelas tujuh jeung dalapan nyangking juara katilu saémbara

ngarang dina basa Sunda. H. D. Bastaman nuluykeun sakolana di SMA 5 Bandung. Tuluy anjeunna kuliah di Fakultas Hukum UNPAD, tapi kurang resep ahirna pindah ka Jakarta kuliah Psikologi di UI nepi ka lulusna, malah nepi ka jadi *staf pengajar* nepi pangsiunna. Karesepna kana ngarang kahalangan ku rupa-rupa téhnik, ku sakola, ku kasibukan, malah kurang disatujuan ku lanceukna, pokna “*ulah teuing kana kasenian, sing inget kana diajar, ulah kagémbang teuing ku seni*”, jadi nulis sastra dina basa Sunda dimimitian ti umur 70-an, sabada pangsiun. Karya H. D. Bastaman nu medal dina basa Sunda nyaéta *Sura Seuri Sunda* (2004), *Béntang Tembang* (2011), *Kabungbulengan* (2013), *Nganjang ka Pagéto* (2016), *Absur* (2018), jeung *Pupuhu di Gunung Tilu Sempalan Tilu Jaman* (2020).

Minangka hiji gejala sosial, carita anu ditulis dina kurun waktu nu tangtu bakal raket patalina jeung norma sarta adat istiadat nu tumuwuh dina éta pajamanan. Karya sastra dipikawanoh salaku ilusi atawa hayalan tina kanyataan. Padahal sastra teu saukur titiron tina kanyataan, tapi kanyataan nu geus ditapsirkeun ku pangarang tina kahirupan nu aya di sabudeureunana (Eliastuti, 2017). Hartina, dina hiji karya sastra bisa katémbong kumaha kahirupan moral jeung budaya hiji masarakat nu mangrupa eunteung tina kahirupan sarta karakter urang Sunda harita. Salasahiji karakter nu bisa dipaluruh dina kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* nyaéta ngeunaan moral.

Moral jadi hal nu kawilang penting pikeun kalumangsungan hirup lantaran moal bisa leupas tina kahirupan manusa, boh pikeun dirina sorangan boh pikeun manusa séjénna. Moral téh nyoko kana hadé goréngna manusa nu dititénan tina kahadéan salaku manusa. Salian ti éta, moral dijadikeun tinimbangan nu dipaké ku masarakat dina ngukur hadé goréngna pasipatan hiji jalma. Moral mangrupa bekel pikeun mekarkeun diri, saupama moral hiji jalma geus ruksak bakal ngaganggu katingtriman jalma séjén (Sinulingga, 2016). Ku kituna, moral téh lain ukur dipikawanoh wungkul tapi kudu dilarapkeun dina kahirupan sapopoé dina harti ngalarapkeun moral anu hadé dina diri sarta ngajauhan kana moral anu goréng. Warnaen spk. dina Sudaryat (2015) nétélakeun yén moral kabagi jadi genep bagian, nyaéta 1) moral manusa ka Pangéran, 2) moral manusa ka dirina sorangan,

3) moral manusa ka papada jalma, 4) moral manusa ka alam, 5) moral manusa kana waktu, jeung 6) moral manusa dina ngudag kasugemaan lahiriah jeung batiniah.

Kiwari sawangan masarakat kana moral téh geus mimiti robah, ajén moral di masarakat beuki ngendoran balukar tina kamajuan jaman. Karya sastra bisa dijadikeun média dina nepikeun ajaran moral, lantaran loba ajaran-ajaran moral nu dibungkus dina wangun karya sastra saperti sajak, novél, carpon, jeung sajabana. Ajén moral téh perlu diajarkeun ti leuleutik di lingkungan kulawarga, nu gunana pikeun dadasar cecekelan hirup kahareupna. Salian ti kulawarga, di lingkungan formal saperti sakola ogé kudu diajarkeun. Pikeun mekarkeun pangajaran moral di sakola, bisa ditarékahan ngaliwatan pangajaran aprésiasi karya sastra saperti carpon nu dijadikeun bahan pangajaranana. Pangna panalungtik milih ieu buku kumpulan carpon lantaran dina unggal caritana nyangkaruk ajén-ajén moral boh nu nembrak boh nu nyamuni. Dina ieu carita, H. D. Bastaman apik pisan dina ngajelaskeun kumaha paripolah jalma nu hadé dina lingkungan pergaulan hirup kumbuhna, utamana ngahormat ka nu jadi kolot. Tina éta karya sastra pamaca bisa napsirkeun jeung ngeunteung.

Unggal jalma miboga kasempetan pikeun méré tafsiran kana hiji karya sastra lantaran hakékat sastra téh *poliinterpretable* (Semi, 1985). Ku kituna, unggal jalma bisa nangtukeun ajén, harti, ma'na sarta hakékat tina salasahiji karya sastra nu bisa disebut minangka kagiatan kritik sastra. Salasahiji kagiatan kritik sastra nu bisa digunakeun dina nganalisis karya sastra dina wangun prosa nyaéta kritik objéktif atawa disebut pamarekan strukturalisme (Teeuw, 2015). Strukturalisme mangrupa pamarekan kana karya sastra nu sipatna otonom, kumaha carana maham hiji karya ku cara interprétasi kana struktur karya nu ngawengku sistem pangwangun éta karyana (Isnendes, spk., 2018). Struktur nyaéta corak rakitan (susunan) komponén-komponén karangan nepi ka ngahasilkeun wujud karya sastra; gemblerng boga ma'na. Dina prosa upamana kumaha ngaréka-réka unsur téma, galur, tokoh jeung latar nepi ka bisa ngawujud jadi carita pondok atawa novél (Iskandarwassid, 2016). Maluruh struktur dina carpon téh kawilang penting, sabab masarakat utamana siswa perlu mikanyaho

unsur-unsur pangwangun karya sastra salasihijina carpon. Sok sanajan pondok, struktur carpon Sunda sarua jeung struktur karya sastra séjén nu mangrupa hiji rékaan (fiksi). Struktur fiksi dibagi jadi dua bagian, nyaéta struktur luar (*ekstrinsik*) jeung struktur jero (*intrinsik*). Struktur luar (*ekstrinsik*) karya sastra nyaéta sagala rupa unsur nu aya di luar karya sastra tapi milu mangaruhan kana ayana éta karya, misalna faktor sosio-ékonomi, faktor kabudayaan, faktor sosio-politik, kaagamaan, jeung tata niléy nu dianut ku masarakat tempat pangarangna lahir. Struktur jero (*intrinsik*) karya sastra nyaéta unsur-unsur nu ngawangun éta karya, misalna téma, galur, palaku, puseur sawangan, latar, gaya basa. Robert Stanton dina Isnendes (2018) ngabagi struktur jero (*intrinsik*) jadi tilu unsur nyaéta a) téma carita, b) fakta carita (galur, tokoh, latar), jeung c) sarana carita (puseur sawangan, gaya basa, judul).

Salian ti ngajarkeun ajén moral ogé struktur, tujuanna ogé pikeun ngaronjatkeun minat aprésiasi siswa kana karya sastra. Siswa bisa nganalisis ajén moral nu nyangkaruk dina carpon-carpon anu aya dina kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* karangan H. D. Bastaman nu kaasup kana bahasan carpon nu luyu jeung Kompetensi Inti Kompetensi Dasar di kelas XI. Luyu jeung Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa Sunda Kurikulum 2013 Revisi 2017 jenjang SMA/SMK/MA (Tim Pengembang Kurikulum Muatan Lokal, 2017) dina Kompetensi Dasar 3.4 *Menganalisis isi, struktur, dan aspek kebahasaan carita pondok. 4.4 Menulis carita pondok sederhana dengan memperhatikan struktur dan kaidah kebahasaan.*

Panalungtikan ngeunaan struktur jeung ajén moral dina wangun karya sastra kawilang réa, tapi objék nu ditalungtikna tangtu waé béda, upamana tina novél, kumpulan carpon, naskah drama, sajak, jrrd. Panalungtikan saméméhna nu maluruh ngeunaan ajén moral dina karya sastra di antarana, “Ajén Moral dina Kumpulan Carpon *Paguneman jeung Fir’aon* Karya Usep Romli H. M. pikeun Bahan Pangajaran Maca Carpon di SMP Kelas VIII (Ulikan Struktural)” ku Angga Kusumah Sudrajat (2016), “Struktur jeung Ajén Moral dina Novél *Surat Wasiat* Karangan Samsodi pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMP” ku Ira Nuraisah (2017), “Ulikan Struktur jeung Ajén Moral dina Kumpulan

Carpon *Dua Wanoja* Karya Chye Retty Isnendes pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP” ku Agung Cahya Nugraha (2017), “Ulikan Struktur jeung Ajén Moral dina Novél *Anjar Lawan Raja Bangsat* Karya Achmad Rustandi pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di Kelas XI SMA“ ku Erik Eriansyah (2017), jeung “Kajian Éksprésif kana Kapangarangan H. D. Bastaman dina Kumpulan Carponna *Nganjang ka Pagéto*” ku Rusdi Fauzi (2021). Sasaruaan ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta sarua medar ngeunaan ajén moral dina karya sastra. Dimimitian ku nganalisis kumaha struktur carita nu aya dina unggal carpon/novél tuluy dianalisis ajén moralna. Sanggeus kitu, dianalisis luyu atawa henteuna éta carpon/novél pikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMA. Ari nu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta objék panalungtikanana. Cindekna, can aya panalungtikan nu maluruh ngeunaan ulikan struktural jeung ajén moral dina ieu buku kumpulan carpon.

Ku kituna, ieu panalungtikan dipuseurkeun kana ajén moral dina kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* karangan H. D. Bastaman dina struktur caritana. Ieu panalungtikan bisa dijadikeun salasihiji alternatif pikeun milih bahan pangajaran aprésiasi sastra di sakola. Dumasar kana pedaran di luhur, ieu panalungtikan dirumuskeun dina judul: Struktur jeung Ajén Moral dina Kumpulan Carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* Karangan H. D. Bastaman pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMA.

1.2 Rumusan Masalah

Ieu panalungtikan bisa diidentifikasi jadi sababaraha masalah anu patalina jeung a) struktur unggal carpon dina kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* karangan H. D. Bastaman, b) aspék moral nu nyangkaruk dina kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* karangan H. D. Bastaman, sarta c) carpon-carpon anu bisa digunakeun pikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMA kelas XI.

Dina unggal panalungtikan tangtuna aya masalah-masalah nu diguar. Dina ieu panalungtikan, dumasar kana idéntifikasi masalah aya sawatara rumusan masalah anu disusun dina wangun patalékan, saperti ieu.

- 1) Kumaha struktur carpon nu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana carita dina kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* karangan H. D. Bastaman?
- 2) Kumaha ajén moral nu nyangkaruk dina kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* karangan H. D. Bastaman?
- 3) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung rumusan masalah anu dipedar di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan anu baris dihontal, nu dibagi kana tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun ajén moral nu nyangkaruk dina kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* karangan H. D. Bastaman, sarta ngawanohkeun karya sastra nu mangrupa carita pondok ka siswa dina pangajaran di sakola.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) struktur carita pondok (téma, galur, palaku jeung watek/penokohan, latar, judul, puseur implengan, sarta gaya basa) nu nyangkaruk dina kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* karangan H. D. Bastaman;
- 2) ajén moral nu nyangkaruk dina kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* karangan H. D. Bastaman dumasar struktur caritana; jeung
- 3) larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMA.

1.4 Manfaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan téh di antarana mangpaat nu sipatna téoritis jeung nu sipatna praktis.

1.4.1 Manfaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna, nyaéta:

- 1) pikeun panalungtik, nambahan jeung ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan analisis struktural jeung ajén moral sarta bisa méré pangdeudeul dina maham jeung ngaprésiasi karya sastra hususna carpon;
- 2) pikeun akademik, hasil panalungtikan ajén moral dina kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* karangan H. D. Bastaman bisa dijadikeun pangdeudeul atawa alternatif bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMA kelas XI.

1.4.2 Manfaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga mangpaat, nyaéta:

- 1) pikeun guru, bisa dijadikeun pangdeudeul pikeun milih jeung nangtukeun bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda di sakola.
- 2) pikeun siswa, panalungtik, jeung umum, sangkan nambahan pangaweruh dina widang sastra, utamana dina ajén moral anu satuluyna dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu panalungtikan disusun jadi sababaraha bab, anu diwincik saperti ieu.

Bab I Bubuka. Dina ieu bab dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu dibagi jadi dua; tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu dibagi jadi dua; mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori. Dina ieu bab dipedar ngeunaan carita pondok, tiori struktural Robert Stanton, tiori ajén moral Warnaen spk., jeung ulikan ngeunaan bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMA, dumasar kana kasang tukang

panalungtikan, pasualan-pasualan anu jadi patalékan, sarta luyu jeung objék kajian panalungtikan. Salian ti éta, diguar panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir anu ngarojong kana ieu panalungtikan.

Bab III Méthode Panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, prosédur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran. Dina ieu bab dipedar ngeunaan hasil jeung pedaran panalungtikan, nyaéta analisis data nu patali jeung rumusan masalah sarta tujuan panalungtikan, jeung pedaran inti atawa analisis nu dipatalikeun jeung tiori dina bab II.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi. Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan tina hasil analisis panalungtikan. Implikasi jeung rékoméndasi pikeun nu maca. Kacindekan mangrupa jawaban tina daptar patalékan nu aya dina rumusan masalah. Implikasi jeung rékoméndasi ditujukeun ka nu nyusun kawijakan, ka nu ngagunakeun éta hasil panalungtikan, jeung ka para panalungtik lianna nu rék nalungtik masalah nu sarua, minangka lajuning laku tina hasil ieu panalungtikan.